

THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
FINANCIAL ASSISTANCE AGREEMENT / AKÒ POU ASISTANS FINANSYE

Dokiman sa a eksplike dwa w yo ak obligasyon w yo konsènan asistans finansye EEC pou gad timoun. Tanpri li dokiman sa a avèk atansyon epi mande klarifikasyon si gen nenpòt pati ladan li ou pa konprann. Ou dwe kenbe yon kopi pou dosye pa w yo.

Inisyal Paran an:

_____ Mwen konprann li ilegal pou moun akèri asistans finansye EEC pou sèvis gad timoun pa founi enfòmasyon oswa dokimantasyon ki fo oswa twonpe, oubyen kache oswa kenbe enfòmasyon ("Fwòd ki Pwouve"), pou objektif etabli oswa kenbe elijibilite oswa ògmante nivo asistans pou gad timoun. Fwòd ki Pwouve kapab lakòz tèminasyon asistans finansye mwen pou gad timoun. Kèk egzanp konpòtman ilegal konsa enkli, men pa limite a:

- Pa rapòte kiyès ki abite lakay mwen (pa egzanp, pa rapòte si mwen marye oubyen lòt paran timoun nan abite avèk mwen);
- Pa rapòte tout sous revni mwen yo (pa egzanp, pa rapòte si mwen touche revni nan yon lòt sous tankou: travay, revni nan lwe kay, sipò timoun, pansyon alimantè, oswa èd finansye nan men yon lòt paran pou ede avèk bezwen debaz pitit mwen);
- Pa rapòte avèk presizyon konbyen revni mwen touche (pa egzanp, pa rapòte tout lajan mwen touche nan oto-anplwa, oswa chanje oswa falsifye souchèk);
- Pa rapòte avèk presizyon bezwen pou sèvis oswa chanjman nan bezwen pou sèvis pou tout paran yo (yon bezwen pou sèvis se aktivite a - travay, edikasyon, oswa fòmasyon – ki fèt pandan moman w bezwen gad timoun).

_____ Mwen konprann ke si mwen resevwa EEC financial assistance an konsekans enfòmasyon oswa dokimantasyon ki fo oswa twonpe, oswa an konsekans kache oswa kenbe enfòmasyon ("Fwòd ki Pwouve"), mwen pral responsab pou ranbousman montan total nan sibvansyon mwen te akèri atravè fwòd epi yo kapab kenbe mwen responsab kriminelman.

_____ **Mwen konprann mwen oblije rapòte Chanjman Tanporè ak Non-tanporè nan lespas trant (30) jou depi dat chanjman an te fèt.** Chanjman Tanporè yo enkli: absans pandan yon tan limite nan bezwen pou sèvis poutèt maladi oswa nesesis pou okipe yon fanmi w (sa enkli konje matènite/patènite), entèripsyon nan travay pou yon travayè sezonye, rediksyon nan konbyen è ou bezwen sèvis, nenpòt fen aktivite yon Paran ki apwouve poutèt ijans COVID-19 la, chanjman oswa fen bezwen paran pou sèvis ki dire mwens pase 12 semèn, ak yon chanjman de rezidans anedan Eta a. Chanjman Non-tanporè yo enkli: ògmantasyon nan revni kò kay la ki depase 85% nan Revni Mwayen pou Eta a (*State Median Income*) (SMI); chanjman nan kowòdone fanmi an; chanjman nan konpozisyon kò kay la; chanjman nan aranjan gad timoun nan; tout chanjman adrès an deyò eta a; oswa tout chanjman oswa fen bezwen yon paran pou sèvis ki dire plis pase 12 semèn. Mwen konprann ke neglije rapòte Chanjman Non-tanporè yo pral lakòz yon Vyolasyon Pwogram Entansyonèl (*Intentional Program Violation*) (IPV) epi li kapab fè mwen sibi diskalifikasyon nan asistans finansye EEC

_____ Mwen konprann ke pou verifye revni mwen ak bezwen mwen pou sèvis, EEC oswa Administratè Sibvansyon an kapab bezwen kontakte anplwayè mwen (yo), inivèsite mwen, lekòl mwen, oswa pwogram fòmasyon mwen. Pa prezant la mwen otorize anplwayè mwen (yo) oswa administrasyon lekòl mwen pou yo distribye enfòmasyon sou revni mwen, salè mwen, è mwen yo, orè travay mwen, ak enfòmasyon sou anwòlman mwen lekòl bay EEC oswa Administratè Sibvansyon an kote mwen aplike pou sèvis gad timoun sibvansyone.

_____ Mwen konprann si pitit mwen (yo) pa anwòl aktifman nan gad pandan plis pase 60 jou (sòf si mwen genyen yon Pòz nan Gad Apwouve) yo ka tèmine sibvansyon mwen pou Abandon Sibvansyon. Mwen konprann si mwen genyen yon kupon pou Lè Lekòl la Fèmen Sèlman fòk mwen sèvi ak gad pandan omwens kat (4) jou pandan ane skolè pitit mwen sinon m ap riske tèminasyon pou Abandon Sibvansyon.

_____ Mwen konprann ke yo ka tèmine sèvis pitit mwen pou Twòp Absans San Eksplikasyon. Sa a se neglije ale nan pwogram gad timoun sibvansyone a pandan plis pase twa Jou swivi san mwen pa kontakte founisè a. Mwen konprann mwen oblije kontakte founisè a chak Jou pitit mwen (yo) pa prale.

_____ Mwen rekonèt ke si mwen genyen yon kupon, Ajans Resous & Referans Gad Timoun nan (*Child Care Resource & Referral Agency*) (CCRR) te eksplike mwen egzijans EEC sou sante ak sekirite pou founisè edikasyon ak gad bonè ki gen lisans, ki enkli pwogram baze nan sant ak kay gad timoun famiyal. Mwen konprann sèten pwogram pa sibi tout regilasyon EEC yo sou sante ak sekirite. Mwen te fè yon chwa enfòmè sou founisè edikasyon ak gad bonè ki nonmen sou Demann nan ak Akò Fre a epi mwen dakò pou mwen kenbe Eta a, pwogram edikasyon ak gad bonè a ak CCRR inofansif nan kèlkeswa blesi oswa neglijan a pitit mwen (yo) ki fèt pandan yon nan gad founisè gad timoun nan.

Mwen sètifye sou doulè ak sanksyon fo sèman ke enfòmasyon mwen te founi yo kòrèk ak konplè dapre tout konesans mwen.

Non Paran an _____ SSN _____

Adrès _____

Siyati Paran an _____ Dat _____

Non Anplwaye Administratè Sibvansyon _____ Non Ajans Administratè Sibvansyon _____